

ITILIZE KAPÒT

Chire po kapòt la, fè atansyon pou w' pa chire kapòt la oubyen andomaje li paske w' pa ta vle pou okenn likid pase akòz ke kapòt la te chire. Asire w' ke li pa expire tou



fok peni a rèd pou w' mete kapòt la, fòk mounn nan tou ta ede w' fè sa



Kenbe kapòt la nan tèt epi fèl rantrè jis anban peni an. Asire w' ke kapòt la deroule jan ke yo voye pou l' deroule a

Avek anpil atansyon deroule kapòt la tout longè



Deroule kapòt la jis nan baz peni an asire w' ke li pa twò gwo nan konsa likid pap ka soti ni rantrè. epi ou prè pou w' kòmanse! kapòt gen mezi tou li enpòtan pou w' jwenn younn ki mezi peni patnè w' lan

Lè li finn voye, gason an dwe kenbe kapòt la epi retire li nan vajen fi an pandan ke peni an di toujou



retire kapòt la san w' pa gaye spèm nan, mare l' byen di, epi jetel

MST AK SIDA


Sou MST ak SIDA

SIDA se yon ti jèm ki tou piti, ke yo rele viris. SIDA se yon malady ki pran tan l' pou l' devlope, aprè yon mounn finn enfekte, yon mounn gen SIDA se aprè pati ki nan kò w' pou defann ou an rive tèlman fèb ke li pa ka batay kont enfeksyon ankò.

Kòman mounn pran SIDA:

- Fè bagay san proteksyon ak yon mounn ki gen maladi a
- Si w' te an kontak yon san ki enfekte
- Nan gwoses, akouchman nan bay tete si manman an oubyen papa a gen SIDA

Tretman- SIDA pa trete men ou ka evite l' a 100%. ale kay doktè si w' panse ou te an kontak ak jèm SIDA.



MST pa gaye:

- Nan touche, bo, oubyen akolad
- Si w' pataje manje oubyen dòmi sou menm kabann ak yon mounn
- Si w' mete oubyen lave rad yon mounn ki genyen l', sèvyèt, dra, latrinn ou twalèt
- Oubyen si moustik pike w'